



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 6 me 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO EVALYASYON SIBÈ SEKIRITE PU BANK YO**

Gouvènè Cuomo jodia te anonse piblikasyon yon rapò sibè-sekirite ki montre risk kap grandi ak bagay konplike nan sibè atak bank New York yo ap eksperimente, e li mande Depatman Sèvis Finansye (DFS) pou fè yon nouvo, evalyasyon sou preparasyon regilye sibè sekirite ki sible bank yo DFS règlemante. Pou gade piblikasyon rapò ki pibliye jodia, tanpri klike [la](#).

“Avèk menas sibè kap grandi jodia nou bezwen pou asire ke finans Nouyòkè yo pwoteje kont predatè yo sou entènèt,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Evalyasyon sibè sekirite ki vize pou bank yo pral pi byen pwoteje enstitisyon finansye yo kont atak ak sekirize dosye bankè pèsònèl yo ki vyole. Lè konsomatè yo enskri pou bank anliy yo espere pou enfòmasyon pèsònèl yo ansekirite e nap travay pou n asire ke enstitisyon finansye yo pran prekosyon apwopriye pou pwoteje l.”

Sipè-entandan Sèvis Finansye Benjamin M. Lawsky te deklare, “Lefè ke anpil nan lavi finansye nou ap pase sou entènèt rann bank yo deplizanpli tante pou atak sibè. Pirat yo pase nwit ak jou pou panse sou nouvo fason pou vòlè enfòmasyon pèsònèl konsomatè yo ak deraje mache finansye peyi nou an, e li pi enpòtan ke jamè ke nou kanpe pou reponn a difikilte sa.”

### **Rezilta Rapò Sibè Sekirite**

#### ***Ogmante Atak Sofistike yo***

Rapò sou sibè sekirite ki pibliye jodia se pwodui yon vas sondaj ki te fèt pandan tout yon lane ke DFS te fè sou 154 bank li règlemante. Defi ki genyen pi souvan se pou devlope yon pwogram sibè sekirite adekwat, te site pa bank yo, enkli ogmantasyon menas sofistike (71%) ak teknoloji kap monte (53%).

Pifò enstitisyon yo te eksperimente entrizyon oswa tantativ entrizyon nan sistèm enfòmasyon yo pandan twazan ki sot pase yo. Metòd yo itilize pou rantre nan sistèm enfòmasyon yo varye lajman, avèk enstitisyon ki rapòte ensidan ki enplike lojisyèl malveyan (malware) (22%), eskrokri (21%), pharming (7%), ak rezo zombi oswa atak sou entènèt (7%).

Haitian Creole

Kalite aktivite abizif ki soti nan yon entrizyon malonèt sibè ki te rapòte pa enstitisyon yo se te pran kontwòl (46%), vòl idantite (18%), pètibasyon rezo telekomunikasyon (15%) ak vyolasyon entegrite done yo (9.3%). Vyolasyon peman tyès pati te egalman rapòte pa 18% ak 15% nan piti ak gwo enstitisyon yo, respektivman. Gwo enstitisyon yo te egalman site eksplwatasyon mobil bankè (15%), ATM fwod fiskal/sistèm pwèn de vant (23%), ak vyolasyon aksè entèn (8%).

### ***Sibè sekirite kòm Devlopman Opòtinite Ekonomik***

Yo te egalman jwenn nan rapò a ke vas majorite bank yo – pitit ak gwo – ap planifye pou anvizaje monte an pwisans depans pou sibè sekirite yo nan ane kap vini yo, sa ki te kapab reprezante yon opòtinite kle pou kwasans travay ak devlopman ekonomik nan New York.

Plis pase twaka (77%) nan tout enstitisyon yo te eksperimente yon ogmantasyon nan enfòmasyon total sekirite sou bidjè yo nan dènye twazan ki sot pase yo, avèk pifò nan enstitisyon ki rete yo (18%) te rapòte ke enfòmasyon sekirite sou bidjè yo te rete menm jan. Preske okenn enstitisyon pat rapòte yon rediksyon nan depans yo nan twa dènye ane ki sot pase yo.

Vas majorite nan enstitisyon yo — apeprè 79% endistri yo te lajman rapòte ke bidjè sekirite enfòmasyon yo te espere ogmante nan pwochen twazan yo.

### **Nouvo Inisyativ pou konbat menas sibè kap ogmante**

Rapò a te egalman souliye plizyè mezi DFS pral enpleman pou ede amelyore sibè sekirite nan bank New York yo. Mezi sa yo enkli yon nouvo evalyasyon ki sible preparasyon sibè sekirite chak bank – kòm yon pati nan pwosesis egzaminasyon regilye DFS – pou ede kondwi yon konsantrasyon solid konsistan sou pwoblèm sa. Pwosedi egzaminasyon ki revize a pral gen ladan kesyon adisyonèl nan domèn jesyon ak gouvènans enfòmasyon, repons ensidan ak aktivite jesyon, kontwòl aksè, rezo sekirite, jesyon founisè, ak rekiperasyon dezaz. Pwosedi revize a gen entansyon pou adopte yon vizyon olistik sou preparasyon sibè yon enstitisyon e li pral mezire pou reflekte pwofil risk inik chak enstitisyon. DFS pral pibliye detay adisyonèl sou kalandriye ak kontni pwosedi egzamen sa yo nan semèn kap vini yo.

DFS te egalman rekòmande ke tout enstitisyon depozitè agreye Eta New York, endepandaman de gwosè l, vini manm nan sèvis pataj enfòmasyon finansye ak sant Analiz (“FS-ISAC”). Manm yo ki te resevwa notifikasyon alè e enfòmasyon otoritativ ki spesyalman deziyen pou ede pwoteje sistèm enpòtan ak byen kont menas fizik a sibè sekirite. Anfèt, toulède Depatman Trezò Ameriken ak Depatman Homeland Sekirite konte sou FS-ISAC pou pibliye enfòmasyon enpòtan bay sektè sèvis finansye nan moman kriz. Anplis, FS-ISAC bay yon kapasite enfòmasyon anonim ki pataje atravè tout endistri sèvis finansye ki pèmèt enstitisyon yo echanje enfòmasyon sou menas fizik ak sibè sekirite, ansanm avèk vilnerabilite, ensidan, ak mezi pwotektif ak pratik posib.

Rapò jodia se yon pati nan angajman kontinyèl Gouvènè Cuomo pou ranfòse sibè sekirite nan New York. Ane pase, Gouvènè a te fòme yon [Cyber Security Advisory Board](#), kap travay avèk administrasyon an sou strateji inovè pou kenbe Nouyòk yo ansekirite kont menas sou entènèt. Konsèy la avize administrasyon an sou devlopman nan sibè sekirite epi li fè rekòmandasyon pou pwoteje enfrastrikti enpòtan eta ak sistèm enfòmasyon yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418